


# INZWI RECHIRATIDZO

 Ndatenda. Ngatirambei takamira kwekanguvana, tichiverenga Shoko, tongonanga chaiko kuShoko manheru ano, kuti tisazatora nguva yakawandisa. Ndinoda kuti muvhure pamwe neni, manheru ano, kuBhuku raEksodho, uye tichitanga nechitsauko 4 cheBhuku raEksodho.

*Zvino Mosesi akapindura akati, Asi, tarirai, havanganditendi, kana kuteerera inzwi rangu: nekuti vachati, JEHOVHA haana kuzviratidza kwauri.*

*Zvino JEHOVHA ndokuti kwaari, Chii icho chiri muruoko rwako? Zvino akati, Itsvimbo.*

*Akati, Ikandire pasi. Zvino akaikandira pasi, ikashanduka kuwa nyoka; uye Mosesi akaitiza.*

*Zvino JEHOVHA akati kuna Mosesi, Tambanudza ruoko rwako, uibate pamuswe. Zvino iye akatambanudza ruoko rwake, akaibata, ikava tsvimbo muruoko rwake:*

*Kuti vatende kuti JEHOVHA Mwari wemadzibaba avo, Mwari waAbrahama, . . . Mwari walsaka, . . . Mwari waJakobho, azviratidza kwauri.*

*Zvino JEHOVHA akatiwozve kwaari, Isa ruoko rwako muchipfuva chako. Zvino akaisa ruoko rwake muchipfuva chake: zvino akati achirwubuditsa, onei, ruoko rwake rwava maperembudzi rwakaita semazaya echando.*

*Uye akati, Isa ruoko rwako pachipfuva chakozve. Zvino akaisazve ruoko rwake muchipfuva chake; akarwubvisa muchipfuva chake, zvino, tarira, irwo . . . rwakadzokazve pakuva seimwe nyama yake.*

*Zvino zvichaitika kuti, kana vachiramba kukutenda, kana kuteerera inzwi rechiratidzo chokutanga, kuti vachatenda inzwi rechiratidzo chechipiri.*

<sup>2</sup> Ngatikotamisei misoro yedu. Uye takakotamisa misoro yedu, nemoyo yedu, zvakare, handizive kana paina ani zvake muno manheru ano ane zvikumbiro zvemunamato? Ungazvizivisa here iwe uchisimudza maoko edu. Mwari ngavakupei zvikumbiro zvenyu.

<sup>3</sup> Baba vedu veKudenga, taona uyu uri mukana wakanaka kwazvo, kuti tiuye kwaMuri mumunamato, tichiuya muZita raShe Jesu. Uye takavimbiswa naYe, kuti kana tikakumbira chinhu chipi zvacho muZita raKe, chichaitwa. Munoziva kushayiwa kwemumwe nemumwe wedu. Munoziva zvamiririrwa namaoko edu paakakwira kumusoro. Ndinonamata, Baba, kuti

Muchapindura chikumbiro chimwe nechimwe manheru ano. Wanai mbiri.

<sup>4</sup> Uye zvino regai Mudzidzisi mukuru weShoko, Mweya Mutsvene, auye pamusoro pedu, manheru ano, uye Agozvizarura kwatiri, uye—uye aZvizivise kwatiri, kubudikidza nehu—humbowo hwekumuka kwaKe kuvakafa. Dai Akauya pakati pedu, manheru ano, Ishe, uye—uye agoshanyira mwoyo yedu. Taurai nesu kuburikidza nezvinhu zvaAkavimbisa zvezuva ranhasi. Dai Mashoko akavimbisirwa nguva ino aratidzwa pamberi pedu, kuti tizorore tiine chivimbo, munguva ino inotambudza yaMakati ichauya panyika, kuzoedza vanhu vose. Uye zvamazvirokwazvo zvasvika panguva iyoyo, Baba, apo vanhu vanoyedzwa. Uye kune makona akawanda akasiyana, zvekuti hapana anonyatsoziva zvekuita. Asi, Ishe, ndinonamata kuti Muchatizivisa, manheru ano, kuti Muri pano uye munesu, Muri pano kuzotibatsira. Tipeiwo zvikumbiro zvedu, nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

Garai henyu pasi.

<sup>5</sup> Ndanga ndichingoti nonokei zvishoma husiku hwega-hwega. Uye ndinoramba ndichifunga maikirofonii *iyi*, asi ndiyo yacho inoenda kumarekodha. Asi iyi *pano*, *ndinofunga*, ndiyo yandinofanira kuteerera, kana kuti kutaura nayo.

<sup>6</sup> Mangwana manheru ndiwo manheru emabiko, saka musazvikanganwa. Ndinofunga ndizvo... Ndinofungidzira kuti zvaziviswa, kwekuti vanhu vagoenda.

<sup>7</sup> Chokwadi tinoyemura kushandidzana kwenyu muzvinhu zvikuru zvakaitwa naIshe wedu.

<sup>8</sup> Zvino, manheru ano, ndinofunga kuti, kunze kwekunge tichiziva Shoko raMwari, hatizive zvekuita. Hatigoni kuva nekutenda kusvikira taziva kuti kuda kwaMwari ndekupi. Uye, chii, zvino kana taziva kuti ndiko kuda kwaMwari, Shoko raMwari rinotaura chimwe chinhu, zvino tinogona kuzvitevera nomufaro.

<sup>9</sup> Zvino dai Ishe Jesu vanga vari kufamba-famba, ivo mbune, panyika manheru ano, vari munyama yemunhu, uye Voti, “Mangwana kuchanaya, zuva rose,” zvino zvinondiitira nyore kuti nditore amburera pandinobuda mangwanani, nokuti Vakataura kudaro. Zvino, toti dai Vasina kuzvitaure, handizive ipapo chokutarisa kwachiri. Saka ndizvo zvazviri, mune zvese zvatinaita, tinoda kuziva awa yacho, zera racho ratiri kurarama.

<sup>10</sup> Uye kune vatsva, svondo rino taedza kuratidza kuti Mwari, kubva pamavambo, vaiziva magumo. Izvi zvinoVaita vasina magumo. Kana Vasiri vasina magumo, vasina magumo, haVasi Mwari. Uye Vanofanira kuva nemasimba ose, vari pose-pose, vachiziva zvose, uye vaine masimba ose, kuti vave Mwari. Ndiro simba rose, vachiziva zvinhu zvese, munzvimbo dzese, uye—uye—

uye vachiziva magumo kubva pamavambo. Kana Vakasadaro, zvadaro haVasi Mwari.

<sup>11</sup> Saka hapana chinhu chisina kumira zvakanaka. Ndisu. Asi hapana muShoko raMwari; riri kungofamba sezvinoita wachi. Zvino kana nguva yacho yasvika kuti zviitike, Shoko rakatarirwa zera iroro, rinoitika. Tinogona kufunga kuti zvino. . . hazvisi kuzoitika. Dzimwe nguva zvinoitika uye isu tisingazvize. Jesu akati, imwe nguva. . .

<sup>12</sup> Vakati ivo kwaAri, “Sei zvakadaro kuti va—va. . .vose vanyori vakati ‘Eria anofanira kuuya kutanga?’” Munooona, zvino, vaizvitenda izvozvo. Vaitenda kuti Eria akanga achiuya.

<sup>13</sup> Zvino Jesu akatarisa kwavari, ndokuti, “Eria akatouya kare, uye imi hamuna kumuziva.” Maona? Zvino, munooona, zvakapfuura nepamusoro pevanyori, vashumiri, vadzidzi. Uye aive Johane Mubhabhatidzi, uye akauya nenzira yose iyo Eria aifanira kuuya nayo, asi ivo havana kumuziva.

<sup>14</sup> Uye zvino zvakatifanira kuti ticherechedze awa yacho yatiri kurarama, nenguva yacho yatiri kurarama. Pane izvozvo, ndinoda kutaura manheru ano nezve: *Inzwi ReChiratidzo*.

<sup>15</sup> Musoro wenyaya unoshamisa, asizve Mwari vanoita zvinhu zvinoshamisa nenzira dzisina kujairika. Ndizvo zvinoVaita Mwari, nokuti Ndeve—Ndevemweya. Uye chose chaVanoita, Va—Vanochiita, Vanokwanisa kuchiita pamweya, nokuti iVo ndevemweya.

<sup>16</sup> Zvino, *Inzwi ReChiratidzo*. Uye iro i. . .Kune inzwi kuchiratidzo. Kune inzwi kuropa. Ropa rakataura richibva panyika, ne—nezvimwe zvakadaro, “Ropa rakaurama raAbheri rakataura richipikisa Kaini.” Uye Bhaibheri rakati, “Ropa raJesu Kristu rinotaura zvinhu zvikuru kupfuura zvakaitwa neropa raAbheri.”

<sup>17</sup> Zvino mamiriro edu ezvinhu manheru ano, kana kuti chiitiko chedu, chinotangira muna Eksodho. Zvino nguva yeEksodho inguva yekudanidzira kubuda, uye kubuda kwakanga kwaswewera.

<sup>18</sup> Mosesi, muranda waJehovha, akanga adanwa pamu—mungava webasa. Uye achiita zvaafunga, akanga akadzidza zvikuru muEgipita, akadzidza hwise hu—huchenjeri hwevaEgipita, uye zvinoita sokuti akanga aine nzi—nzira, sezvo aive ari nyanzvi huru yezvehondo, kuti aikwanisa kununura vanhu vake kubva pasi pehuranda ihwohwo, nokuti ndiye akanga ari Farao aizotevera. Uye zvaizova nyore kwazvo zvakadini kwaari kuti azviite. Asi, munooona, dai zvainge zvakadaro, chingadai chakava chinhu chepanyama.

<sup>19</sup> Mwari havatore zvinhu zvepanyama. Vanotora zvinhu zvemweya kuti vaZviratidze.

<sup>20</sup> Saka kubva pamakore 40 edzidzo, yepamusoro-soro yaaigona kuwana, nezvepamusoro-soro zvaaigona kuwana, nyanzvi yedzidzo yepamusoro yaaigona kuva; nekunzwisisa kwakabva kuna amai vake, murairidzi wake, kuti ndiye aizova wacho anozodzikinura vanhu; zvino akabuda musimba rekunzwisisa kwake, ndokuuraya muEgipita. Uye, kubva ipapo, akaona kuti kushingaira kwake kwakakundika, ndokubva atizira mugwenga.

<sup>21</sup> Uye izvo Egipita, mudzidzo, yakaisa maari mumakore 40, zvakatorerawo Mwari mamwe makore 40 kuti vazvibvise maari, munoono, kuti arege kuvimba nezvitevedzwa zvake zvedzidzo. Aizovimba mune chemweya.

<sup>22</sup> Zvino nguva yakanga yasvika iyo Mwari vakanga vaita vimbiso, kuna Abrahamu, makore 400 nguva iyi isati yasvika, kuti mbeu yake yaizogara mune imwe nyika, zvino ivo vaizobuditswa. Mushure memakore 40, vaizobuditswa neruoko rwune simba. Vaizodzikinura vanhu vavo noruoko rwune simba. Zvino nguva yevimbiso payakaswedera, Mwari ndipo pavakaunza Mosesi panzvimbo yechiitiko. Mosesi, mukukundika kwake kukuru, akanga aenda murenje.

<sup>23</sup> Zvino mufananidzo uri pano, pane mufananidzo unoshamisa watisingade kupotsa zvachose. Maona? Vachifananidzira, Mwari vakanga vachibuditsa Israeri, vanhu vaVo, kunze, rudzi, rudzi kubva mune rumwe rudzi. Rudzi kubva mune rumwe rudzi, mufananidzo wakanaka wanhasi, uyo Mwari vari kudana Mwenga waVo kubva muchechi, Mwenga weChikristu kubva muchechi yeChikristu, Chechi yeMwenga kubva muchechi, inodanwa, muBhaibheri, inorehwa nezvayo.

<sup>24</sup> Ndine zvinyorwa zvakawanda neMagwaro zvakanyorwa pano, pachidzidzo chino manheru ano.

<sup>25</sup> Inonzi, dzimwe nguva, “Vakasarudzwa, Vasanangurwa, kana Vakasara vembeu yemukadzi.” Wakanzi, “Mwenga,” izvo Mwari, nokufanoziva kwaVo, vakautemera kuvapo. Zvinova kuti, Mwenga anobuda kubva muchechi. Munoono, chinhu chacho chose ichechi, asi Mwari vanobuditsa vamwe vanhu kubva muchechi iyoyo, seMwenga. Vakati Vaizodarwo. Uye Vakazviita, cherechedzai, kana kuti Vachazviita.

<sup>26</sup> Cherechedzai, onai kuti Vakazviita sei, kaitiro kacho nemaitiro aVakazviita nawo. Tinoda kutarisa pane izvi zvino, paVakaburitsa Israeri, kuti Vakazviita sei, nemhando yekaitiro kaVa—kaVakazviita.

<sup>27</sup> Cherechedzai apo nguva yekuti Shoko rakavimbiswa raizozadziiswa, Mwari vakadaidza Mosesi, nokufanotemera, ndokumusarudza kuti aite basa. Maona? Mwari vakagara vakaisa munhu panzvimbo, panguva yacho. Hapana chinokona naMwari. Vakazvita; hazvigoni kukundikana. Kana zvikakundika, ipapo Mwari vakundika, nokuti Mwari iShoko.

28 Cherechedzai, zvino, Shoko raifanira kuratidzwa. Zvino Shoko paraifanira kuratidzwa, revimbiso, Mwari vanogara vachitumira muprofitu nguva dzose kuzoratidza vimbiso iyoyo, nokuti Shoko raShe rinouya kwaari.

29 Mosesi, akafanotemerwa chinangwa chacho, akadanwa pabasa racho. Hapana mumwe munhu aigona kuriita.

30 Kana Mwari va—vadana munhu pane rimwe basa kuti aite, hapana anogona kutora nzvimbo yake. Hapana anogona kutora nzvimbo yako, kamusiyano kako iwe.

31 Kazhinji kwazvo kandakambofunga, kuti ndingade sei kutora nzvimbo yaOral Roberts, ndingada sei kutora nzvimbo yaBilly Graham, mumwe munhu akadaro. SaBilly Graham, kuenda kunotaura neungano yevanhu, ndodana vatadzi kuartari; ndokanganwa nezvazvo ndoenda kumba, ndisingazomirapo ndoita mutsimba zvakare. Handikwanise kuva Billy Graham, asiwo kunyange Billy Graham haagone kuva ini. Tiri vaviri. . . Handikwanise kuva Oral Roberts; Oral Roberts haakwanise kuva ini.

32 Uri, mumwe nomumwe, makaiswa muhumambo hwaMwari, nokuda kwenzvimbo yahwo chete. Mumwe anotsanya nguva dzose achitaurirana naMwari, apo mumwe anodzinga madhimoni nokuda kwekuti uyu ari kutsanya. Asi Muviri wose waKristu uri kushanda pamwe chete, kubatana. Kana tichiona zvidzviso zveasangano izvi zvichitipamura, ndizvo zvinorwadza moyo wangu, maona, nekuti ndicho chinhu chinotiparadzana. Isu tiri vamwe.

33 Hapana vanhu vahombe pakati pedu, hapana vanhu vakuru pakati pedu. Tese takangofanana. Tiri vana vaMwari. Pane mukuru mumwe chete pakati pedu, uye ndiye Kristu. Tinofanira kuMcherechedza. Uye kana tichitsvaka ruremekedzo, mumwe kubva kune mumwe, hatigone kuva nekutenda, nokuti tiri kuisa kutenda mune mumwe nomumwe. Tinofanira kuva nokutenda muna Kristu. Ndiye waCho ari pakati pedu watinofanira kuva nokutenda maari, uyezve nekutenda mune zvaAri kuita uye zvaakatipa.

34 Zvino, hapana aigona kutora nzvimbo yaMosesi. Hazvina mhosva kuti akamhanya zvakadii, uye zvisinei kuti akaedza zvakadini kubva kwazviri, asi zvakadaro Mwari vanoziva zvaVari kuita. Vainyatsoziva zvaVaifanira kutora uye nekuita kubva pana Mosesi. Zvinhu izvi zvaifanira kuitika. Zvino, tarisai, hapana aigona kutora nzvimbo yake.

35 Zvino tarisai. Mwari vakamupa chiratidzo, kuratidza kudanwa kwake nezvaakataura, paakaenda zasi kuEgipita.

36 Zvino, Mwari vanogara vachipa mutumwa chiratidzo, nenzwi rechiratidzo ichocho. Uye chiratidzo ichocho chinozivisa munhu wacho, kana zvakanyorwa muMagwaro.

<sup>37</sup> Sezvakataurwa naJohane, “Ini ndiri inzwi reuyo anodanidzira ari murenje.”

Vakati, “Ndiwe Mesiya here?”

<sup>38</sup> Akati, “Ini handisi ini Mesiya. Asi ndiri inzwi reuyo anodanidzira ari murenje, sezvakataura muporofita Isaya.” Aigona kuzvizivisa pachena.

<sup>39</sup> Uye zvino, ipapo, mune izvozvo, tinoona kuti Mwari, nguva dzose, havachinje nzira yaVo yekuita chero chinhu. Havagone kuchinja. Mwari vanoita zvinhu zvose nenzira imwe chete, paVano—Vanoisa hurongwa hwaVo pamwe chete.

<sup>40</sup> Sezvandakataura humwe husiku, Vakaita sarudzo imwe chete, munhu anofanira kuponeswa neRopa rakadeurwa reUyo asina mhosva. Takaedza zvimwe zvese, kuti munhu aponeswe. Takaedza kumendesa kunzvimbo yatakavaka guta, Nebhukadhinezari akadaro. Uye vakavaka shongwe, Nimurodhi akadaro. Vaiva nemutemo. Uye vakava nematemberi. Vakava nemachechi. Vakava nemasangano. Vakava nehurongwa hwedzidzo, hurongwa hwemasangano emachechi, vachiedza kuunza munhu kuna Mwari. Izvozvo, hazvo zvose, zvakakundika. Zvinogara zvichikundika. Zvinongodzoka paRopa rakadeurwa!

<sup>41</sup> Nzira yaMwari yekuita nayo chero chinhu inotaurwa muShoko ravo. Uye Shoko iri ndiro chizaruro chose chaJesu Kristu, hapana chingawedzerwa kwaRiri kana kubviswa kwaRiri. “Ani naani anozviita,” Bhaibheri rakati, “chikamu chake chichatorwa kubva muBhuku reHupenyu reGwayana,” kana akawedzera chimwe chinhu kana kubvisa chimwe chinhu paRiri. IngoRitora nenzira yaRakanyorwa nayo.

<sup>42</sup> Bhaibheri haridi mumwe munhu kuti aRidudzire, Mwari ndivo vanozvidudzirira pachaVo. VanoRidudzira nokuita kuti zvaVanotaura zviitike. Zvinobva zvatoringana. Kana Mwari vakazvitaura, uye Vakazviita, ndizvo zvoga. Hazvidi mududziri. Bhaibheri rakati, “Harisi redudziro yepakavanda.”

<sup>43</sup> Nzira yaMwari yekuzviita nayo! Vakatendeka nguva dzose kuchiratidzo chaVo chakatumwa, Vakatevera nenzwi raVo; pose, kubvira nakubvira, apo Mwari vanotumira chiratidzo munyika. “Zvino Mwari havamboita chinhu,” Bhaibheri rakati, “kusvikira kutanga Vazviratidza kuvaranda vaVo vaprofiti.” Zvino izvo, iwe. . . Kana zvisiri izvo, zvino zvimwe zvaro zvose handizvo, maona. Havana chavanoita kusvikira Vachiratidza.

<sup>44</sup> Zvino muoni iyeye, muporofita, anofanira kucherechedzwa, kuti zvaanoporofita, tinoona muna Numeri 12:6, kuti zvaanotaura zvikaitika. Zvino, zvitendei. Asi kana zvikasaitika, zvino musazvitenda. Uye zvinofanira kuva nokuda kwekuti, zvaKe. . . Zvisinei nekuti ataura zvakadii, uye zvoitika, uye nechero zvazviri; kana zvisiri maringe neShoko, zvino zvakadaro handizvo. Zvinofanira kuva neShoko. Zvinofanira kuiswa

muhurongwa neShoko rechiratidzo chenguva iyoyo, nguva yavari kurarama mairi.

<sup>45</sup> Zvino, izvi zvakanga zvavimbiswa naMwari, kuti Vaizodzikinura vanhu vaVo neruoko rwune simba. Zvino, paShoko iri, haVana kudana muprisita, haVana kudana rabhi, haVana kudana mutungamiriri. Vakadana mufudzi, kunze uko pagomo, uyo akatiza, akaberekwa, muporofita akafanotemerwa akanga asingadi basa rake.

<sup>46</sup> Mukanzwa vanhu vachishuvira kuva *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, chimwe chinhu, ingotaraisai, Mwari havambovashandisa. Mwari vakatoita zvekuvhima Mosesi, kuti vamuwane. Vakatoita zvekuvhima Pauro, kuti vamuwane. Ivo. . . Ndeuya munhu asingadi kuzviita, havadi zvinhu; zvino Mwari vanotora munhu iyeye, pane zvaasingadi kuita, kuti Varatidze kubwinya kwaVo nazvo.

<sup>47</sup> Zvino tarisai. Chose—chose chiratidzo chechokwadi chakatumwa naMwari chinoteverwa neizwi. Zvino cherechedzai pano, musoro wenyaya ndewekuti. . . chiratidzo nenzwi. “Kana vakasatenda inzwi rechiratidzo chekutanga, zvino yachatenda inzwi rechiratidzo chechipiri.” Zvino, chiratidzo chine inzwi. Uye, zvino, chiratidzo chose chechokwadi chakatumwa naMwari chine inzwi, uye inzwi iroro rinofanira kutaura maringe neShoko rakapiwa kuzuva iroro, zvingori chaizvo.

<sup>48</sup> Kana inzwi rikauya, izwi rimwe chetero rekare. . . Ukanooona chiratidzo, waro, uye chiratidzo chiri kuitwa nemunhu uyu chiri chimwecho chepfungwa yekare, zvino ipapo unogona kuti, “Ichocho hachina kubva kuna Mwari,” kana chikaramba chichizivisa pfungwa yekare iyoyo. Hachina kumbobvako. Hachina kana. Zvinotopesana nehurongwa hwaMwari.

<sup>49</sup> Chinofanira kuva chimwe chinhu chitsva. Chinofanira kunge chiri chimwe chinhu chisinganzwisise nevanhu. Chine iro. . . kana kuti hachaizotumirwa. Hachifanire kutumirwa, kana angori madzidzisiro mamwe chetewo ekare ebhaibheri. Chinofanira kuva chimwe chinhu chakasiyana, asi zvakadaro chinofanirwa kucherechedzwa muShoko, kuti ndechezva iroro. Maona, zvose zvakanaka zveShoko raMwari, zvinofanira kuva izvozvo. Hapana kana kukanganisa pazviri. Chinofanira kuva Chokwadi; chinofanira kusimbiswa naMwari, Chokwadi. Zvino munhu anozviture anofanira kusimbiswa naMwari, kuti ave muoni anobva kuna Mwari, kana kuti handizvo; havatombo—havatombozviona kana, zvachose, havatombozvitenda kana.

<sup>50</sup> Zviratidzo zvi—zvinobva kuna Mwari. Chiratidzo chinotevera. . . Kana kuti, inzwi rinotevera chiratidzo rinofanira kuva inzwi raMwari rinotaura kubva muShoko, kuzera iroro. Muri kuzvinzwisisa here?

<sup>51</sup> Mwari vanopa zviratidzo. Ko Vanozviitirei? Vanogara vachipa zviratidzo! Vakavaudza kuti ndimo mavaizoVatsvaga

mazviri imomo, muzviratidzo. Mwari vanopa zviratidzo kuti zvigokwezva meso evanhu vaVo. Zvino ngatinzverei izvi, zvakadzama. Munoono, zviratidzo zvinopihwa kuti zvikwezve meso evanhu. Nokuti, kana chiratidzo chakatumwa naMwari chapiwa, Mwari vanenge vagadzirira kutaura. Mwari vanenge vagadzirira kutaura, kana chiratidzo chapiwa. Kana chichinge chabva Kudenga, chabva kuna Mwari, zvino Mwari vagadzirira kutaura uye Vari kuedza kukwezva meso evanhu.

<sup>52</sup> Uye Shoko rinouya kumuporofita waVo. Zvino muporofita anozivikanwa nechiratidzo chaanoratidza, zvino anouya kuShoko uye Shoko rinoratidzwa. Zvatoringana; hazvidi kana dudziro ipi zvayo. Mwari vakatozvidudzira kare. Munoono, zvakatongokwana sezvazvingava.

<sup>53</sup> Zvino cherechedzai, Mwari vanopa zviratidzo kuti zvikwezve meso evanhu.

<sup>54</sup> Pano, gwenzi raipfuta rakanga riri chiratidzo chokukwezva muporofita; gwenzi raipfuta. Mosesi aiva, kuseri kwerenje, achifudza makwai ake, mufudzi mutana, ane makore 80 ekuberekwa, nendebvu dzakareba; achifamba hake, achidzika nenzira yekare yaaiziva kwazvo, mamwe mangwanani aipisa, zvichida. Zvino, kamwe-kamwe, kwakauya gwenzi raipfuta Moto, asi gwenzi iri haraitsva bodo. Manjeka, izvi zvainge zvisina kujairika zvachose.

<sup>55</sup> Zvino, Mosesi ari musayendisiti, zvinova izvo, akadzidziswa muhuchenjeri hwevaEgipita, uye vakanga vari masayendisiti makuru kupfuura vatinavo nhasi; saka pakuva musayendisiti, zvinoina sekunge akati, “Zvino ndichanoona kuti rudzi rwupi rwemu-. . .rwemushonga wakapfapfaidzwa pamashizha ayo, kuti muti iwoyo usatsva.” Munoono, dai akasvika kwachiri nenzira yesainzi, Chingadai chisina kumbotaura naye.

<sup>56</sup> Uye ndizvo zvazviriwo nhasi, kana tichiedza kusvika kwazviri kuburikidza nechikoro nedzidzo, nenzira yesainzi, uchapotsa Mwari nekuresa chaiko. Svika pazviri saMosesi, akabvisa shangu dzake; akazvininipisa, kuzvideredza.

<sup>57</sup> Uye, zvino, hapoka paiva nechiratidzo chokukwezva muporofita. Zvino, ipapo, chiratidzo ichocho chinofanira kuva nenzwi. Zvino inzwi racho parakataura, dai Rakanga risiri muMagwaro, handitendi kuti muporofita uyu angadai akariteerera. Asi tarisai kuti inzwi raiva reMagwaro zvakadii raiperekedza chiratidzo ichi, rakaratidza kuti ndiMwari, nokuti Vakati, “Ndanzwa kugomera kwevanhu vaNgu, uye Ndarangarira vimbiso yaNdakaita kwavari.” Munoono, chiratidzo, tevere inzwi reMagwaro seri kwechiratidzo chacho.

<sup>58</sup> Zvino zvinoratidzira chaizvo izvo zvandaisa senheyo. Chinofanira kuva chiratidzo chinobva kuna Mwari, uye, kana chiri, kune inzwi reMagwaro shure kwacho, chevimbiso yezuva



iroro. Kwete pfungwa yekare imwe chete; vanarabhi nezvinhu zvanga zvichipfuura nemuzvikoro, kana kuti zvose hazvo, nguva dzose, misi yose, vaprisita, nezvakadaro. Asi ichi chinhu chitsva, uye chiri muMagwaro, ivimbiso; uye chiratidzo chokukwezva muporofita.

<sup>59</sup> Zvino ipapo, Akati zvino, asati adzika kuendako, anofanira kuva nechimwe chinhu chokuzvisimbisa iye kuti muporofita, maona, vasati vamugamuchira. Akati, “Havazoti Ishe vakazviratidza kwandiri.”

<sup>60</sup> Vakati, “Saka, Ndichakupa zviratidzo 2 zvekuita, uye izvozvo zvichakwezva meso evanhu. Uye kana meso evanhu akwezvwa, ipapo chitaura mashoko aya kwavari, ‘Ndini Mwari waAbrahama, Isaka naJakobho, uye Ndarangarira vimbiso yaNgu.’ Uye Ndakutuma zasi kuti uvadzikinure, uye Ndichava newe.”

<sup>61</sup> Makacherechedza here chiratidzo chake chekutanga? Akava nemarudzi ose ekutevedzera kwavo. Vanhu vese vakaedzawo kukanda nyoka pasi. Ndizvo. . . Kana asiri iwo maitiro evanhu, handizive kuti ndeapi acho, munooni. Maona? Asi vaive nemhando yenzwi rakadii kuseri kwacho? Hapana kana; inzwi rechiEgipita remunyika. Zvakadaro vaigona kuita chiratidzo, asi vakanga vasina inzwi seri kwacho, rekuchitsigira. Asi Mosesi aiva neZVANJI NAJEHOVHA. Ndiwo waiva musiyano wacho. Yekutevedzera pakupedzisira vakapfuirira mberi kwenguva yakareba, asi pakupedzisira zvakashaya basa.

<sup>62</sup> Munoziva here kuti Bhaibheri rakati zvichaitika zvakare mumazuva ekupedzisira? “SaJani naJambure vakamisidzana naMosesi, ndizvo zvaizoitawo vanhu vepfungwa dzakarasika paChokwadi.” Chokwadi ndiani? Jesu Kristu ndiye Chokwadi. Maona? “Pfungwa dzakarasika paChokwadi.”

<sup>63</sup> Zvino Jehovha vachataura neShoko raVo rakavimbiswa. Vanofanira ipapo kugadzirira muporofita uyu kuti vamutumire zasi. Nokuti, zvinogara zviru mugwara raVo rokufunga, nzira yaVo yekuita, nguva dzose vanotuma muporofita waVo neShoko, uye vanosimbisa muporofita.

<sup>64</sup> Zvakare, ichi chiratidzo chakavimbiswa. Muporofita, pachake, chiratidzo. Iro Bhaibheri rakataura kudaro. Ukaona nguva dzichipfuura, uye wobva waona kuchiyu. . . Tora nhorondo yeBhaibheri, uinzvere. Pese paunooni kupera kwenguva refu; asi paunongoona muporofita achiyu, chaive chiratidzo chekutongwa. Mwari vanga vari kuzotonga nyika, paVacha. . . kana kuti rudzi, kana vanhu, pamunooni muporofita achiyu. Ndakaparidza mharidzo pazviri, imi vanhu vematepi munorangarira, icho. . . *Chiratidzo Chechokwadi Chisingacherechedzwi*. Vanogara vasingachicherechedze, vanogara vachidaro, asi chaive chiratidzo chekutongwa kwaiyu.

65 Zvino Shoko raKe rinozadziswa muinzwi raKe. ZvaAnovimbisa, zvino Anozadzisa Shoko raKe nenzwi.

66 Kuuya kwemuporofita chiratidzo cheyambiro chekuti kutongwa kwave pedyo. Zvagara zvakadaro. Rega ndingotora mumwe chete.

67 Tarisai Noa achisimuka pakupedzisira, muma—mumazuva enyika yekuparadzwa nemvura zhinji, muporofita achiporofita. Chaiva chii? Kutonga kwakabva kwarova nguva pfupi mushure mazvo.

68 Mosesi akaenda muEgipita, muporofita akasimbiswa aine zviratidzo zvemuporofita. Chii chakaitika? Kutonga kwakarova Egipita pakarepo mushure mazvo.

69 Eria akauya panzvimbo, muporofita, ndokuporofita kuna Ahabhu nerudzi irworwo. Chii chakaitika? Kutonga kwakarova mushure mazvo chaimo. Ndizvozvo.

70 Johane Mubhabhatidzi akauya, sechiratidzo. Akanga ari muprofiti. Akanga ari chiratidzo chaive muporofita chakauya panyika. Vaiziva, kana akauya, Mhesiya aizotaura, mushure make. Zvaifanira kudaro, nokutika, agotora—agotora vasanangurwa.

71 Izvi ndezvekutora vanhu vakasanangurwa avo vari kubuda, semumazuva aNowa. Semumazuva a—aEria, 7,000 vaya kana 700, kana chero zvavaiva, vakanga vasina kugwadama nebvi ravo, kuti avadanire kunze. Johane akadanira kunze vasanangurwa, ndokuvapa kuna Kristu paAkauya, akapa chechi yake, ndokuti, “Ini ndinofanira kuderera, iYe anofanira kukwirira, nekuti,” akati, “ini ndinongova inzwi raKe chete, ndichidanidzira ndiri murenje, ‘gadzirirai nzira yaShe.’” Uye Jesu akauya nenzira imwe cheteyo. Chinoita kuti vasanangurwa vagadzirire kunzwa inzwi raMwari, ndizvo zviratidzo chechiporofita. Oo, kana ukatevera Mharidzo idzi, kuita kuti mun- . . . kuita kuti vasanangurwa vagadzirire. Kwete vamwe, havamboinzwa. Ndeavo vakasanangurwa vanodanwa.

72 Ko Mutumwa uya akasvika kupi, muSodhoma, akaita chiratidzo chiya? Kuna Abrahama neboka rake. “Garira kure neSodhoma; riri kuzotsva!” Maona? Jesu akazvivimbisa kuti zvichadzokorora, munoziva, zvakare, kuSodhoma rino iri. Zvino cherechedzai.

73 Chinoitei? Chinoita kuti vasanangurwa vagadzirire kuva munzvimbo yechengetedzo yaMwari, semunguva yaNowa, nezvimwe.

74 Zvino chinoitei? Chinopomera nyanjere asingatendi, pakunotongwa. Zvakagara zvakadaro. Kuramba tsitsi, hapana chimwezve chasara kunze kwekutongwa. Saka chinogadzirira nya—nyanjere neasingatendi kuti vagotongwa. Nokuti, vanoitei? Vanochiramba.

<sup>75</sup> Ndicho chikonzero maJuda vakadya nyama yavo pachavo. Ndicho chikonzero ropa rakayerera richibuda muguta apo Titus, mukuru wemauto eRoma, akapindamo, nokuda kwekuti vainge varamba Mweya Mutsvene. Kutongwa kwaifanira kuuya nokuti vakanga vaita dambe naWo. Jesu akavaudza, pavakaMudaidza kuti Bherizebhabhu, kuti Akati, “Ndinokuregererai,” yananiso yakanga isati yaitwa, “asi,” akati, “kana Mweya Mutsvene wauya kuzoita chinhu chimwe chetecho, kutaura muchiUpikisa hazvizomboregererwa.” Uye chizvarwa ichocho hachina kumboregererwa nezvazvo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>76</sup> Kutongwa kune asingatendi! Chakaisirwa kunze ikoko chinangwa ichocho, kuti chipe chiedza kumutendi, uye rima kune asingatendi. Sezvaingova Shongwe yeMoto; Yakaita chiedza, kuti vayambukire kunyika yechipikirwa, nerima kune avo vakanga vasingatendi. Zviratidzo zvaMwari zvinogara zvichidaro, kuvhara meso easingatendi, nekupa kuona nechiedza chekufamba kune anotenda. Ndizvo zvaChinotumirwa izvozvo.

<sup>77</sup> Kana chiporofita chake chiri chechokwadi, kana chiporofita chemuporofita chiri chechokwadi uye chikazadzikiswa, zvino kuyambira kwaMwari. Zvino muna Numeri 12:6, tinowana chinhu chimwe chetecho, Gwaro.

<sup>78</sup> Bhaibheri rakanyorwa nevarume ava. Zvino kana tikaverenga muna Petro Wechipiri 1:21, Yakati iyo, “Vanhu vekare, vachisundwa neMweya Mutsvene, vakanyora Bhaibheri.”

<sup>79</sup> Zvakare muna VaHebheru 1:1, patakataura nezvapo humwe husiku, “Mwari, munguva dzekare nenzira dzakasiya-siyana vakataura kumadzibaba kubudikidza ne vaporofita, mazuva ano ekupedzisira kubudikidza naJesu Kristu, Mwanakomana waVo.”

<sup>80</sup> Shongwe yeMoto, chiratidzo; inzwi... kana kuti i—inzwi ranga riri kuzotaura. Shongwe yeMoto mugwenzi, rakanga riri inzwi rinonzwika iro Mwari vakanga vachigadzirira kutaura.

<sup>81</sup> Cherechedzai zvakajeka zvino, musazvipotsa izvi. Miriamu paakaseka hanzvadzi yake, Moses, zvino aive muporofitakadzi paakamuseka ipapo, uye Mwari vakaburuka vari muShongwe yeMoto iya, Mosesi akaziva kuti Mwari vakanga vagadzirira kutaura. Chaiva chiratidzo. Uye inzwi rakachitevera, rakati, “Hautyi Mwari here iwe?” Vakati, “Hakuna munhu panyika akafanana nemuranda waNgu, Mosesi.”

<sup>82</sup> Vakaita zvimwechetezvo pavakasimuka ndokuti pane... Dhatani paakasimuka, uye apo Kora, kukakavara kwake, “Kune vanhu vanotova vatsvene kupfuura iwe. Unofunga kuti ndiwe wega muboka rino.” Mwari vakanga vagadza Mosesi pabasa iroro!

<sup>83</sup> Zvino pavakada kutora rimwe boka kuti vaende navo, vozviita ivo sangano, Vakati, “Zvipatsanure kubva kwavari.

Ndava kutongovapomera. Ndichangovapedza hangu,” uye Vakazviita. Nyika yakavamedza.

<sup>84</sup> Zvino tinoona kuti yagara iri nzira yaMwari. Shongwe yeMoto inoratidza kuti Inzwi rava kugadzirira kutaura. O, Texas, mungava bofu zvakadii? Muchiri kurangarira Houston. Zvino kune Inzwi rinotevera chiratidzo chacho.

<sup>85</sup> Mosesi, ari chiratidzo chaive muporofita kuIsraeri, akavimbisa kuti Shoko raive ragadzirira kusimbiswa.

<sup>86</sup> Shoko raMwari rakakwana zvikuru, riri muhurongwa, nguva imwe neimwe! Zvakangofanana neUrimi neTumimi, sezvandakataura nezvayo, humwe husiku. Urimi neTumimi yaivepo, uye kunze kwekunge chiratidzo ichi chauya paUrimi neTumimi iyi, inzwi racho haraicherechedzwa. Panofanira kuva nechiratidzo. Chiratidzo chinobvira inzwi. Uye inzwi rinobvira chiratidzo, kuti chinobva kuna Mwari. Izwi rechiratidzo ndiro rinotaura “hongu” kana “kwete.” Kana Mwari vakazviramba, ipapo Inzwi rinotaura “kwete.” Kana chiratidzo chaivepo, Mwari vaitaura “hongu.” Hurongwa hwaMwari hauna kumbobvira wachinja. Tinogona kuita maawa akati kuti pane izvozvo, asi hazvina kumbochinja.

<sup>87</sup> Tarisai, Jona muporofita, tarisai chiratidzo ichocho. Aiva munzira yake kuenda kuTashishi. Akatanga kuenda kuNinevhe, ndokutora nzi—nzira inoenda kuTashishi. Vazhinji vanopomera Jona. Jona haakodzeri kupomerwa. Akanga ari muporofita. “Tsoka dzowakarurama dzinorairwa naJehovha,” zvino akatanga rwendo rwake kuenda kuTashishi. Uye tinoedza kupa murume uyu mhosva, asi Jesu haana kudaro.

<sup>88</sup> Cherechedzai, iYe akati, “SaJona akanga ari mudumbu rehove huru, mazuva 3 nousiku,” chaizova chiratidzo, “saizvozvowo Mwanakomana womunhu anofanira kuva mumoyo wenyika, mazuva 3 nousiku. Uye chizvarwa chakaipa chepombwe chinotsvaga chiratidzo, uye hapana chiratidzo chichapihwa kwavari chinobva kuna Mwari, rangarirai, kunze kwechiratidzo chaJona.” Chiratidzo chaJonasi chii? Rumuko. Uye chino ndicho chizvarwa chiya cheSodhoma, chehupombwe, hupombwe hwepamweya, ku- . . . kuita hupombwe hwepamweya vachipikisana neChokwadi chaMwari, vachiita dambe naCho. “Chizvarwa chakaipa uye chehupombwe chichatsvaga chiratidzo, uye vachachiwana, chichava chiratidzo cherumuko.” Tarisai, Jona . . .

<sup>89</sup> Vanhu ava vaiva vahedheni, uye raive guru . . . Raiva guta rezvemabhizimu. Bhizimu hombe raive rehove. Vaitumira hove munyika yose zvayo. Vanhu vacho vaiva varedzi vehove. Ndiro raiva basa racho. Uye vakanga vari vahedheni, vainamata mhuka nezvidhori, uye vakava vakaipa zvikuru.

<sup>90</sup> Senyika ino zvino, izere nezvekusangana pabonde neHollywood, nemhando dzose, kunyange mumachechi

chaimo. Uye cherechedzai zvinoitika. Handiti, dzimwe nguva kunyangwe kuve uchikwezva ruchiva muchechi kunotonzi ndezvemazuva ano. Nyika ino ingamira sei pasi pechinhu chakadaro? Mozvidaidza kuti Makristu, zvino moita zvinhu zvakadaro, ingamira sei?

<sup>91</sup> Sezvakataurwa, neshamwari yangu yakanaka, Jack Moore, makore apfuura, “Kana Mwari vakatendera nyika ino kuti ishaye chinoiwana nokuda kweizvi, Vachatosungirwa, saMwari ane nduramo, kumutsa Sodhoma neGomora, vovakumbira ruregerero nekuda kwekuvapisa.”

<sup>92</sup> Makananga kunotongwa. Hapana imwe nzira yekuzvigamuchira nayo. Zvinyorei mumaBhaibheri enyu. Ndava kusvika pakuva mutana. Imi muone kana ikasavika pakutongwa. Kana ndikararama hupenyu hunotarisirwa, ndichazviona, nguva inotarisirwa. Mamwezve makore mashoma achaiendesa.

<sup>93</sup> Jona. Vose vakanga vari kunze vachira, senguva dzemasikati, zvino hepano ndokuuya mwari wegungwa, kumusoro, hove huru, yakamhanyira kumahombekombe ndokusvipa muporofita kunze pamahombekombe. Chiratidzo chakadini!

<sup>94</sup> Mwari vakasvitsa muporofita waVo, aine mharidzo. Zvino vakaona chiratidzo, vanotenda chiratidzo, zvino shoko nderekuti kudii? “Tendeukai!” Ndiri izwi rechiratidzo. Inzwi rechiratidzo rinoti, “Tendeukai, kana kuti mukati memazuva 40 muchaparadzwa.” Vaiziva zvakanwana kuti vatendeuke.

<sup>95</sup> Jesu akati, “Vachapomera chizvarwa chino, nokuti vakatendeuka pakuparidza kwaJona; mukuru kuna Jona ari pano.”

<sup>96</sup> Inzwi raiva rokuti, “Tendeukai, kana kuti mumazuva 40 muchaparadzwa.”

<sup>97</sup> Johane muporofita, achionekwa, chiratidzo chekuonekwa kwemuporofita, mushure memakore 400 vasina muprofita. Vaiva nana nyanjere vose. Ndinongofunga hangu kuti vaiva nenyonganyonga yakadini! Makore 400, pasina muprofita, asi nguva yakaswedera yokuti Mesiya auye. Zvino, Johane aiva chiratidzo chacho, ari muporofita, kuti Mesiya akanga agadzirira kutaura, inzwi rechiratidzo; nokuti, muna Maraki 3, tinoona, “Ndichatumira mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu.” Eria aifanira kuuya pamberi pechiso chaKe, uye Eria akauya. Johane, ari mumweya nesimba raEria, akauya akaita chaizvo zvakaitwa neMagwaro, uye havana kuzvinzwisisa. Magwaro anotaura kudaro. Akanga ari chiratidzo, chiratidzo chaive muporofita, chekuti Mesiya ari kuzotaura.

<sup>98</sup> Muporofita iyeye, achinyatsozviziva kwazvo, kusvikira akati, “Manjeka, pane Mumwe amire pakati penyu, iko zvino. Mesiya wacho wandiri kutaura nezvake, ari pakati

penyu. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe. Ndiye waCho achabhabhatidza neMweya Mutsvene neMoto. Ini ndiri kubhabhatidza nemvura, kusvika pakutendeuka, asi iYe achauya shure kwangu. Atori pakati penyu iye zvino.”

<sup>99</sup> Rimwe zuva akaona Murume wechidiki achiuya, achifamba achidzikako. Akaona Shongwe yeMoto iya, iri muchimiro cheNjiva, ichiburuka kubva Kudenga; Inzwi, richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Uyo waNdinofarira kugara maari.” Rinoti, “Uyo waNdinofarira kugara,” chinongova chiito chiri pamberi pechirevachiito, saka zvakangofanana. “MaAri Ndinofarira kugara,” kana kuti, “Uyo waNdinofarira kugara maari,” hazvina kana mutsauko. Cherechedzai, “Ndinofarira kugara maAri.”

<sup>100</sup> Johane akati, “Ndinopupura kuti iYe akandiudza murenje,” kwete kuseminari, “murenje, akati, ‘Pane uYo wauchaona Mweya uchiburukira, uye woramba uri paari,’ ameni, ‘Ndiye waCho achabhabhatidza neMweya Mutsvene neMoto.’ Uye ndinopupura kuti iChokwadi.”

<sup>101</sup> Chaiva chii? Muprofita iyeye aiva chiratidzo chokuti Mesiya akanga agadzirira kutaura.

<sup>102</sup> Mesiya aiva chii? Mesiya aive Shoko, rizere. Aive huzaro hwaMwari. Vaporofita vaiva Kamwenje kadiki kaipenya. Asi maAri maiva neChiedza chose chiya, chaiva muna Mesiya uyu, nokuti Aiva Mwari vakaratidzwa, akaitwa Emanuere, Mwari pakati pedu munyama yemunhu.

<sup>103</sup> Mesiya akanga agadzirira kutaura. Uye cherechedzai, Bhaibheri rintaura, kuti, “Shoko raShe rinouya kumuporofita.”

<sup>104</sup> Zvino heunoi Johane amirepo, uyo akanzi naJesu aive “muporofita mukurusa ati amborarama.” Jesu akadaro, Mateo chitsauko 11, “Makabuda kunooneiko, munhu anozunguzwa nemhepo dzose, sangano *iri* rinoti, ‘Ndichakupa zvakawedzerwa; iwe ita *izvi*’? Kwete Johane! Kwete, kwete. Murume anogona kusairirwa, kunyeperwa? Aiwa, aiva muporofita akasimba, akakwasharara. Makaenda kunoona murume akanga akapfeka nguwo yehuprisita here?” Zvino iYe ndokuti, “Kwete, ivavo vanogara mumizinda yamadzimambo. Vanoroodza vechidiki, vanotsvoda vacheche, nekuviga vakweguru. Ndiyo mhando yacho. Hapana chavanoziva nezveMunondo wemumaoko maviri. Saka imi makabuda kunooneiko, muporofita here?” Ndokuti, “Anodarika muporofita!” Honguka, aiva mutumwa weSungano, akavimbiswa naMwari kuti vaizomutuma.

<sup>105</sup> Uye cherechedzai pano, Johane akamira mumvura, achibhabhatidza, achiti, “Ari kuuya.”

<sup>106</sup> Uye herino Shoko, richisiri kuDenga zvino, asi raitwa nyama. Shoko rave nyama, chii charinoita zvino? Ndeupi hurongwa hweMagwaro aMwari? Shoko rakauya kumuporofita, murenje chaimo, mudziva chaimo. Shoko rakauya kumuporofita.

107 Johane akatarisa kumusoro, ndokuti, “Ndini ndinotofanira kubhabhatidzwa neMi.”

108 Uye hama yangu inodikanwa, mukweguru, Chiremba Davis, chechi yeMissionary Baptist, vakandibhabhatidza mukutenda kweChikristu, kana vari pano manheru ano, handirevere kurwadzisa manzwiro avo. Nokuti, vanogara muno muTexas, vari kunze kuno kubva kuDavis Mountains. Asi ndinorangarira tichikakavadzana pane izvozvo rimwe zuva, uye ini ndichingova mukomana. Ini ndikati, “Hazvinzwike zvakanaka, Chiremba Davis.”

109 Vakati ivo, “Chakaitika, ipapo zvino Jesu akabhabhatidza Johane, ndokubva Johane azobhabhatidza Jesu, nokuti Johane ainge asati abhabhatidzwa.” Zvaisabuda zvakanaka kwandiri.

110 Ndakaramba ndakamirira, ndakatarisa, ndichifunga. Hapana chandakataura nezvazvo, asi rimwe zuva Ishe pavakazvizarura.

111 Zvino tarisai zvakataurwa naJesu. Johane akati, “Ndini ndinotofanira kubhabhatidzwa neMi, uye sei Mauya kwandiri?”

112 Jesu akati, “Rega zvive saizvozvo, nekuti zvakafanira kwatiri kuti tizadzise kururama kwose.”

113 Johane aiziva kuti Aiva Ani. Havoka vatungamiriri 2 venyika, vatungamiriri 2 vechechi, Mwari nemuporofita waVo, vakamira pamwe chete. Zvino, tarisai, vanofanira kuziva.

114 Jesu akati, “Rega zvive saizvozvo, ndizvozvo chaizvo, asi kuti zvakafanira kwatiri kuti tizadzise kururama kwose, Shoko rakavimbiswa.”

115 Chibairo chaifanira kusukwa chisati chaunzwa. Johane akabhabhatidza Jesu nokuti ndiYe akanga ari Chibayiro chacho. Maona? Chibairo chaifanira kusukwa chisati chaunzwa. Akafamba akabuda kunze ikoko, zvino Chibairo chakanga chagezwa, uye zvararo Anounzwa zvakanaka. Akati, “Ndiro Gwayana raMwari.”

116 Akakwira kumahombekombe, zvino hoyo Mweya waMwari uchiuya pamusoro paKe, ndokuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa.” Maona, Akaunzwa zvino kuvanhu. Asi Chibairo chisati chaunzwa, chaitofanira kutanga chasukwa; ndiwo murawo weTestamende Yekare. Zvakanaka.

117 Mesiya akanga achigadzirira kutaura, nokuti hepano paiva nechiratidzo chemuporofita. Uye pavakaona muporofita uya achiuya panzvimbo, mushure memakore 400 ose iwayo pasina kana mumwe, vakaziva, izwi raitevera aiva Mesiya.

118 Zvino imi vaverengi veBhaibheri fungai zvakasimba kwemaminitsi mashoma. Vachiona hunhu hwake, vakamupotsa sei? Vakatatadza sei kuziva kuti aive iye, Johane? Hunhu hwake hwakararatidzwa, mweya wake nehunhu zvakararatidzwa kuti

ndiEria. Zvino cherechedzai kuti mweya upi. Zvino, akanga ari Johane Mubhabhatidzi, asi mweya waEria wakanga uri paari.

<sup>119</sup> Cherechedzai, chokutanga, Eria akanga ari murume aida renje. Maona? Uye Johane akanga ari murume aive murenje.

<sup>120</sup> Uye Eria akanga ari murume aipomera hurongwa hwesangano, muzuva iroro, nezvose zvaaiwa nazvo. Ndzivo zvakaitawo Johane, “Imi chizvarwa chenyoka. Ndiani akakuyambirai kuti mutize kutsamwa? Musatanga henyu kuti, ‘Ndine *ichi, icho*, kana *chimwewo*.’ Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamama vana.” Maona hunhu hwacho huviri?

<sup>121</sup> Uye tarisai pana Eria, aitsiura vana Jezebheri vose vakapenda zviso vezuva rake, madzimai ayo aiva nzenza. Johane akaitei? Zvimwe chetezvo, kuna Herodhiasi. Vese vari vaviri, vakava chikonzero chekuti vauraiwe.

<sup>122</sup> Tarisai Eria, mushure mekunge aita basa guru riya, aingomudhura, orara panze onamata hake kuti Mwari vamutore. Johane akaita zvimwe chetezvo, akagarapo akatumira vadzidzi vake, akati, “Endai munoMubvunza. NdiYe waCho here kana kuti totarisira mumwe?” Jesu akazviziva izvozvo.

<sup>123</sup> Akanga ari Eria. Ndi hwo hwaifanira kunge huri hunhu hwake. Akacherechedzwa zvimwe chetezvo saEria. Akanga ari mumweya waEria.

<sup>124</sup> Unofanira kuuya ka 5, mweya iwoyo, kuti ushandiswe: Eria, Erisha, Johane, Maraki 4, uye zvakare nekumaJudha. Mazuva ekupedzisera, atiri maari manheru ano, mweya waEria. Cherechedzai zvino.

<sup>125</sup> Nhasi uno, ndinoda kuti mutarise vaporofita vedu vaAhabhu vechimanjemanje nhasi, vachirega vanaJezebheri vavo vachigera vhudzi ravo, vachipenda kumeso kwavo, vachipfeka zvikabudura, vachiputa fodya, chero chinhu, “Zvakangonaka.” Vaporofita vedu—vedu vaAhabhu vanhasi, vachienda nezvikoro zvavo, chokwadi, vachivatungamirira kwese-kwese netsika dzakaitwa nevanhu nemasangano. Chii ichocho? Vaporofita vaAhabhu.

<sup>126</sup> Tinoda mumwe Mikaya kuti asimuke panzvimbo. Kana kuti munguva yaAhabhu, Eria akauya panzvimbo. Ndiye wacho, akavimbiswa.

<sup>127</sup> Achivatungamirira kwese-kwese, nechero nzira yavanoda kuenda. Kana vakasadaro, vakavabata zvisirizvo pano pane imwe nzvimbo, vanoenda vonojoinha *izvi* uye voramba vakachengeta kuzvidaidza kwavo—kwavo—kwavo kuti Makristu.

<sup>128</sup> Zvakanaka, havana kumboponeswa, pakutanga kwacho. Hunhu hwavo chaihwo hunozviratidza. Ko ungawana mazambiringa pamuti weminzwa here? Ko ungawana manwiwa



kubva padzinde renhanga? Hunhu hwacho chaihwo hunoratidza kuti havadi kuwana chekuita neShoko. Vanoita dambe naRo, nekuRimhura. Izvo zvakanyorwa kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA, zvinhu izvi zvichaitika,” zvino vanoRiseka, nokuita dambe naRo.

<sup>129</sup> Ndosaka Jesu akati, “Mambokadzi weZasi achasimuka nechizvarwa ichi, mumazuva ekupedzisira, nokuchipomera; nokuti akabva kumagumo enyika, kuzoona murume ane chipo chouchenjeri.” Akati, “Mukuru kuna Soromoni ari pano.” Chokwadi. Soromoni aiva, zuva rake, rakanga riri rimwe remazuva makuru. Vanhu vose vakatenda chipo ichi chavakanga vapiwa naMwari, Soromoni uyu, uye mukurumbira wake—wake wakaenda kwose hako. Ko kana isu vanhu vezuva rino. . .

<sup>130</sup> Uye isu vanhu vekuAmerica, tinogara tichiedza kutsvaga chimwe chironzwa chinopikisa communism. Hechino chironzwa chaMwari, “Tendeukai! Tendeukirai kuna Mwari!” Chimwewo chironzwa? Dai vakangoita kwaZviri, taizokanganwa communism.

<sup>131</sup> VaIsraeri vose pavakatenda chipo ichocho chavakanga vapiwa naMwari. Kana America ikangopa icho. . .ikatenda chipo chatakapiwa naMwari, mazuva ano ekupedzisira, Mwanakomana waVo, muchimiro cheMweya Mutsvene, akamuka kubva kuvakafa, achigara pakati pedu maringe nevimbiso yaKe. Kana tikangoChikoshesa chete!

<sup>132</sup> Chichaenda chete kune Vasanangurwa. “Nokuti hakuna munhu angauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose vaNdakapiwa naBaba, vachauya.” Kudyara mbeu chete; inowira pasi, imwe yacho *uku neuko*, asi pane kudyarwa kwembeu, zvisinei. Inobata nemidzi yayo chero pairi ipapo. Dzichaibata.

<sup>133</sup> Cherechedzai, hevanoi pano, uye tinoona kuti muzuva iroro, Ahabhu, rudzi rwacho rwakanga rwaita kuti vaIsraeri vaite chero mhando yezvinhu zvavanoda kuita, uye vachingozviti have vaIsraeri.

<sup>134</sup> Kutu Eria akatsiura kwazvo chizvarwa ichocho, nezvose zvakanga zviri maari, uye Mwari vachimusimbisa. Uye aive muporofita.

<sup>135</sup> Kuuya kwave pedyo nekusvika, ndizvo zvakaitwawo naJohane! Akafamba akananga muIsraeri. . .Vainge varoodza mukadzi uyu kuna—kuna Hero- . . .kuna Herodhi, mukadzi womunin’ina wake Firipi. Akafamba akanyatsomunanga; haana kumbodzora tsvimbo. Akanga asingatyi kuti mumwe mukuru wechechi aizomudzingira kunze. Akanga asina kana kadhi roruwadzano; achingova naMwari chete. Akanga ari muporofita waVo. Shoko rakanga rinaye. Haaisungirwa kunobvunza chero bhishopi kana madhikoni. Akanga akazodzwa. Aiva neShoko. Akafamba akanyatsomunanga, ndokuti, “Hazvisi pamurawo

kuti uve naye!” Ndizvo. Haana kumbodzora tsvimbo, kana kuna ani zvake.

Vakadzi vakaipa ivavo vaiita upombwe, vachienderera mberi!

<sup>136</sup> SaAmosi, paakauya panzvimbo, akatarisa ikoko. Hatitombozivi kunyangwe kwaakabva. Ini zvangu, anofanira kunge akanyatsotarira guta riya reSamaria! Sezvakaita vashanyi, rose rakanaka, uye vaparidzi vese vari muwirirano nedzi—dzinyika, nemubatanidzwa nemarudzi nevanhu vose, asi vachingorarama havo muzvivi! Maziso ake akatsinzinyira, mhanza yake ichipenya, zvino ipapo ndokuburuka. Haana kumbo... akanga asinganyanyoyevedza kutarisa, asi aiva neZVANZI NAJEHOVHA.

<sup>137</sup> Tinoda mumwe Amosi panzvimbo nhasi. Tinozomugamuchira here? Zvirokwazvo kwete, sezvaakangoita ipapo. Auya panzvimbo, aizoparadza sangano rose, sangano rose remachechi, mukadzi wese anopfeka zvikabudura, wese Jezebheri akagerwa vhudzi. Aizovabvambura kuita zvidimbu. Vaimudziringira kunze mumugwagwa, voti, “Mupengo uya wekare!” Asi anenge aine ZVANZI NAJEHOVHA, nokuti zvakangonyorwa saizvozvo. Sangano rinomugamuchira here? Kwete.

<sup>138</sup> Akanga asina munhu aitsigira hurongwa hwake. Ko guta guru, rakanaka iri re—reruchiva, sezvaiva Samaria, vangagamuchira here kamuchinda kasingazivikanwe kasina kadhi reruwadzano, pasina anokatsigira, kana chimwe chinhu? Akanga asina kana rubatsiro. Akanga asina kadhi reruwadzano, asina kuchikoro kwaibva. Asi aiva neZVANZI NAJEHOVHA. Uye kuuya kwake, semuporofita, kwaitova chiratidzo. Inzwi rake raibva kuna Mwari, uye zvakaziviswa mumazuva aJerobhoamu Wechipiri. Zvose zvaakataura zvakaaitika.

<sup>139</sup> Zvino tinoona, zuva rino ratiri kurarama mariri, kwangova kudzokororwa kwairoro zvakare. Vashumiri nevanhu, vachinyara kumira papurupiti, uye vha—Vhangeri rangova remuhoro kwavari. Vanotyta kutaura chero chinhu, mumwe munhu anozovabvisa mune *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*.

<sup>140</sup> Pane Munhu mumwe chete anogona kukudzanga Kudenga, ndiMwari. Zvino ungasodzingwa sei Kudenga, uchigara neShoko raVo? Ndizvo zvaVakakutumira.

<sup>141</sup> Rangarirai, Bhaibheri rakati, munguva seyaive mumazuva aEria, muzuva rakaita semumazuva aJohane, kuti Maraki 4 achadzokera panyika zvakare. “Ndichatuma Eria.”

<sup>142</sup> Zvino musavhiringidza izvozvo naMaraki 3, “Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu.” Akanga ari Eriawo, zvakare.

143 Asi muna Maraki 4, Akati, “Zuva guru raJehovha rinotyisa rave kutongoda kusvika, apo nyika yose paichatsva sechoto, uye vakarurama vachafamba napamusoro pemadota evakaipa,” ndiyo Mireniyamu iyoyo, “Ndichatuma Eria muprofita.” Uye achaiti? “Achadzorera kutenda kwevana kumadzibaba echiapostora,” kudzokera kuShoko. Anotofanirwa kunge ari muporofita. “Ndichamutuma.” Achanyatsoziviswa. Hunhu hwake huchange hwakafanana nehwaEria, chaizvoizvo. Mharidzo yake ichange iri yemhando iyoyo. Achatsiura, kuputsira pasi. Asina ruwadzano, asina anoshandidzana naye, pasina kana chinhu, asi achava neZVANZI NAJEHOVHA.

144 Zvino, rangarirai, kwava nemhando dzose dzemapoka akasimuka achiti, “*Iyi* ndiyo nguwo yaEria, uye *iyi* ndiyo dzidziso yaEria.” Boka rose, sangano, rinoshanduka kuita boka raEria, kana hanzu yaEria. Harisi Gwaro iroro. Mwari havana kumbobvira vashanda neboka saizvoizvo.

145 Eria paakauya panzvimbo, naJohane Mubhabhatidzi, vose vari vaviri vakapomera mapoka nemasangano iwayo. Havana kumbodaro. Anovapomera, nenzira yavakaita nayo; Eria naJohane, vari vaviri. Kwete boka kana sangano. Asi vari vaviri, munguva dzavo dzose, vakapomera mapoka nemasangano iwayo.

146 Zvino chii? Chiratidzo chenguva yekupedzisira chichaperekedza Inzwi renguva yekupedzisira. Eria anofanira kuuya panzvimbo, murume akazodzwa nemweya iwoyo; murume wemumasango, nezvakadaro, uye anoda izvoizvo, zvino anouya panzvimbo kuzosimbisa. Zvino tarisai izvo Magwaro anotaura zvino, uye hamuzonyengerwi, munoona, chiratidzo chenguva yekupedzisira neNzwi renguva yekupedzisira.

147 Mwari havana kumbobvira vashanda neboka, hapana kana muRugwaro. Vanoshanda nemunhu mumwe chete, nekuti munhu wese akatosiyana nemumwewo. Munhu wese, minwe yedu yakasiyana, mhino dzedu dzakasiyana, maitiro edu akatosiyana. Vanatora munhu mumwe chete, waVanokwanisa kuwirirana naye zvakakwana kusvikira ava Shoko iroro.

148 Ndicho chikonzero Pauro, akati, “Zvichida ndaizosimudzirwa pamusoro pehuwandu hweChizaruro, ndakapihwa mutumwa waSatani.” Maona? Mateo akanyora, Ruka akanyora, Marko akanyora, vose zvavo, asi, vakangotevera Jesu ndokunyora zvaAkataura. Asi Pauro aiva nechizaruro chekuti Aive Ani, munoona, ndicho chinhu chaa—akaona. Chizaruro chake chaive chikuru kwazvo, Akamutendera kuti anyore Bhaibheri, saMosesi weTestamende Yekare. Murume mukuru uya, Pauro, chizaruro ichocho chaaive nacho, aiziva kuti Jesu weTestamende Itsva ndiye aiva Jehovha weyeKare. Akanga aine chizaruro chaZvo, uye aigona kuchiisa kuvaHebheru, kuna...neku—kuvaRoma, nekuvaEfeso, ne—nevose. Iye—iye

akanyora matsamba aya. Cherechedzai, mushure mekunge chiratidzo chaKe chabuda, zvino akabva anyora tsamba idzi.

<sup>149</sup> Hunhu hwekuuya uhu huchange hungori humwehwo. Harisi kuzova boka. Achava munhu mumwe chete. Mwari havana kumboshanda neimwe nzira kunze kwemunhu mumwe chete. Zvino, Eria akanga asiri boka, Johane Mubhabhatidzi akanga asiri boka, vaiva munhu mumwe ari oga. Mwari, Maraki 4, havati ivo, “Ndichatumira boka.” Vakati, “Ndichatumira Eria!” Shoko harigoni kushandurwa.

<sup>150</sup> Zvino, tarisai, chiratidzo chenguva yekupedzisira neNzwi zvichauya muhurongwa hweMagwaro sekuvimbiswa kwazvakaitwa.

<sup>151</sup> Tinoda kuziva kuti ndechipi chichava chiratidzo chekuguma? Jesu akatiudza, muna Mateo 24 ne 25. Akatiudza, zvakare, muna Zvakazarurwa, kwese kubva pana 6...kana 1, kunosvika kune, zvinoka, chitsauko 10. Zvino Anozouya muchitsauko 19, Mireniyamu inotanga pakuuya kwaKe, akatasva bhiza jena.

<sup>152</sup> Chichauya, chiratidzo chenguva yekupedzisira, zvino teerera, mukuvhara, chichangouya chaizvo sezvakarehwa neMagwaro. Zvino cherechedzai Inzwi rechiratidzo.

<sup>153</sup> Zvino, Jesu, muna Ruka 17:30, akavimbisa chiratidzo chenguva yekupedzisira. Chiratidzo chekupedzisira, chaiva Mwari vachiratidzwa mumutumbi wemunhu waikwanisa kunzvera zvaifungwa mupfungwa dzaSara, mutende riri shure kwake. Ndizvo zvaAkataura. Ndicho chiratidzo chaAkavimbisa kumagumo. Ju...Ko Akati chaizoitei? “Chichazivikanwa mumazuva acho, mazuva ekupedzisira, apo Mwanakomana wemunhu achazarurwa.” Kuzarurwa! Kana Mwanakomana wemunhu azarurwa, ndicho chichava chiratidzo chaAchazarurwa nacho. Zvino chionai kana iRoro risingadaro. Chokwadi rinodaro.

<sup>154</sup> Zvino ungate, here, “Kwete, chichava chimwewo chinhu. Kwete, chichava chimwe chivakwa chikuru, chimwe chikuru *ichi*, kana *ichi*, kana imwe kanzuru huru yemachechi, kana chimwe?” Oo, kwete. Kwete, izvozvo zviri kure nazvo chaizvo. Zviri kune rimwe divi. Zvinopesana nezvakataurwa naMwari kuti kuita, Vachaita.

<sup>155</sup> Cherechedzai zvatataura zvino. Magwaro achange ari nemo chaizvo, nokuti tine chiratidzo cheSodhoma, panyama. Ndiriini pakambove nengochani zhinji, kutsveyama nezvimwe, sezviriko iko zvino, “chizvarwa chakaipa cheupombwe,” apo iwe hautongokwanise kana kubatidza terevhizheni yako zvokuti panenge paine imwe mhando yezvinhu zvine tsvina, zvakasviba zveHollywood? Uye vanhu, vanozviti Makristu, vanogara kumba vasingaende kusevhisi yemunamoto kuti vaone zvinhu zvakadaro. Zvinoratidza mweya uri mauri. Ndizvozvo. Uye

madzimai anopfeka sezvakangoita ivavo, nevarume vanovarega vachivatungamirira kwese-kwese sezvavanoita ikoko. Tichaita here kuti Hollywood ive muenzaniso wedu, kana kuti tichatenda Shoko raMwari pazviri?

<sup>156</sup> Boka rimwe chete iroro rinogona kuona Shoko raMwari richisimbiswa, zvino vanoitei? VanoRiseka. Nokuti, vakafa, vakafa Nokusingaperi. Havana kumbobvira vava vapenyu. Kana dai vaimbova vapenyu, vaizongogara vari vapenyu, Nokusingaperi. Asi havana kumbobvira vava vapenyu. Vakagara vakafa. Oo, vanogona kunge vakakwenenzverwa, uye votenda *izvi, izvo, kana zimwewo.*

<sup>157</sup> Jesu akati, “Imi vanyengeri,” kwavari, kuvaprista muzuva iroro. “Mungagotaura sei zvinhu zvakanaka, iwo muromo uchitaura zvinobva mumoyo? Kundidana kuti Akanaka, ‘Rabhi akanaka, Tenzi akanaka?’” Aiziva zvaiva mumoyo yavo. Ainzwisisa zvaiva mumoyo mavo. Akanga ari Shoko.

<sup>158</sup> Bhaibheri rakati, “Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, uye rinonzvera mifungo iri mumoyo.”

<sup>159</sup> Zvino, chiratidzo chiya cheSodhoma chadzoka, chiri munyama. Uye kana zvinhu zvese zvakanaka zvakanaka panzvimbo sezvazvinofanira kuva panyama, zvino ungasvibvisa sei, kubva mupfungwa dzako, kuti zvemweya hazvisi pano panguva imwe chete? Hurongwa hwose huri huviri huri panzvimbo. Hongu, munhu wese anobvumirana nazvo, zvepanyama ndizvo zvacho; asi, oo, zvepamweya, havadi kuzvitenda, nokuti Zvinokanganisa dzidziso yavo.

<sup>160</sup> Ruka 17 ndicho chiratidzo chacho. Ruka 17 ndicho chiratidzo chakataurwa naJesu, kuti, mumazuva ekupedzisira, marudzi nemachechi nevanhu zvaizova sezvazvaive muSodhoma, nyika yeMarudzi, Sodhoma rave pedyo nekupiswa. Uye pachazova neboka, rinotaridzika, saAbrahama. Dzokerai shure, Jesu paakati, “sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” dzokera unoona zvaiva muSodhoma. Akaverenga Bhaibheri rimwe chetero rzinoverenga, Bhaibheri rimwe chete, zvino dzokera uone kuti raiva rakadii.

<sup>161</sup> Hepano paiva neboka rakasanangurwa, rakadanirwa kunze, boka raAbrahama, vaitarisira mwanakomana akavimbiswa. VaSodhoma havana chavaitenda pazviri. Uye paiva nenhengo yechechi ine kakudziya, zasi muSodhoma. Tarisai Ngirozi 3 idzi dzichiuya kune imwe neimwe yadzo, tarisai zviratidzo zvavakaraidza, ipapo muchaona kuti zviratidzo zvipi zvatiri kurarama mazviri.

<sup>162</sup> Zvino, ndicho chichava chiratidzo ichocho. Uye inzwi rechiratidzo richava Maraki 4, “kudzorera vanhu paKutenda kwechiapostora kwemadzibaba.” Hechoka icho chiratidzo, heroka iro Inzwi racho, chaizvoizvo maringe neMagwaro.

Munoona? Chiratidzo chacho ndicho chiratidzo chiya zvachaiva kuSodhoma, Mwari vachiratidzwa muvanhu.

Uye Vakati, “Mudzimai wako Sara, aripi?”

Akati, “Ari mutende, riri shure kweNyu.”

<sup>163</sup> Akati, “Ndichakushanyirai zvichienderana nenguva yandakakuvimbisai.” Uye Vakati. . .

<sup>164</sup> Zvino Sara, kumashure, shure kwaVo, akati, “Zvingagoitika sei, ini ndiri chembere, murume ari harahwa? Uye semurume wangu kunze uko, harahwa,” akati, “hapana zvakadaro nesu.” Akati, “Hazvigoni kudaro.”

<sup>165</sup> Akati, “Sei Sara azvipokana izvozvo, achiti mumoyo make, ‘Zvinhu izvi zvingaitika chirudzii?’”

<sup>166</sup> Uye Jesu akati zvaizodzoka zvakare. Zvino, rangarirai, Abrahama akadana Murume uyu kuti, “Elohim,” Mwari. Mwari Vaitofanira kunge vari ivo. Sei? Vaikwanisa kunzvera pfungwa, uye Vakanga vari panguva chaiyo. Zvino Elohim, Mwera Mutsvene, (kwete mumwewo munhu) Munhu mumwe chete iyeye achidzokera muchechi uye ozoita zvimwe chetezvo, ndicho chaizova chiratidzo. Uye Inzwi racho raizova, “Vadane vadzokere kuShoko, dzoredza Kutenda kwevana kumadzibaba.” Hezvoka izvo chiratidzo neInzwi.

<sup>167</sup> Zviratidzo zvinowanogamuchirwa, asi Inzwi hariwanogamuchirwa. Havadi Inzwi, asi vanotora chiratidzo. Kazhinji, vanochitora. Vanofarira chiratidzo, nokuti vanofarira kuchitarisa, chinovavaraidza. Asi, Inzwi, havadi ku—kuzviita. Rangarirai zvino Inzwi.

<sup>168</sup> Dzokerai kuShoko zvakare. Chiratidzo chaMesiya chaJesu, maringe naIsaya 35, “Vakaremara vachakwakuka senondo,” nezvose izvi.

<sup>169</sup> “Zvanga zvakanakisa izvozvo!” Oo, vakachigamuchira ichocho. Changa chakanaka. Vaichitenda. Vaitenda chiratidzo. “Huyaiwoka, Rabhi, kuchechi kwangu, tichabafirana neMi zvizere. Chokwadi, tinoKutendai. Ndimi wacho anoshamisa. Imi ndimi Rabhi. Muri Muporofita wechidiki. Pindai mukati! Mhando dzose dzekubafirana! Chiratidzo chinoshamisa.”

<sup>170</sup> Asi Inzwi parakataura, ndokuti, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe.”

<sup>171</sup> Oo, ini zvangu, havana kugona kuzvitenda iZvozvo. “UnoZviita Mwari.” Vaisada Inzwi. Vakafarira chiratidzo. Vanozviziva, vakabvuma kuti chaive chiratidzo chaMesiya, asi, Inzwi, havana kuRifarira.

“Mabasa aNdinoita muchaaaitawo zvakare.”

Ivo ndokuti, “NdiBherizebhabhu.”

Iye ndokuti, “Imi chizvarwa chenyoka.”

172 Oo, vaivenga Inzwi iroro. Vakaitai? Vakabuditsa Inzwi iroro kubva pakati pavo. VakaMuburitsa kunze.

173 Jesu akati, “Kana vakadana Tenzi wemba, ‘Bherizebhabhu,’ vachadana vadzidzi vaKe zvakadii?”

174 Rangarirai, muna Zvakazarurwa 3, muZera reRaodhikia. Iyi ndiyo Raodhikia; chiratidzo cheSodhoma chiri kuuya. Inzwi, “Dzokerai kuShoko, kure neizvi zvitendwa nemasangano, uye modzokera kuShoko,” paRakauya, maringe naZvakazarurwa 3, Akabuditswa kunze kwechechi, sezvazvaingova kareko.

175 “Chiratidzo chakanaka hacho, asi kwete Inzwi.” Havadi kuwana chekuita neNzwi. Kwete, kwete; Inzwi. Asi Mosesi akati, kana vakasadaro, kana kuti . . .

176 Mwari vakati kuna Mosesi, “Vakasatenda iro izwi rekutanga rechiratidzo chekutanga, vaedze paizwi rechipiri. Uye kana vakasaita izvozvo, zvino enda unotora mvura woidururira pasi.” Zvinobva zvatoringana. Ndzivo chete. “Shamba, guruva—guruva kubva patsoka dzako,” nemamwe mashoko, sezvakataurwa naJesu. Akati, “Tora mvura kubva murwizi, uidururire pasi, yova ropa, uye zvoratidza kuti ndiro raichazonyn’atiswa naro, ropa.” Saka ndizvo chaizvo zvazvaive.

177 Kana vakasatenda chiratidzo, zvino chiratidzo chechitatu chakanyatsozviringanisa. Shumiro dzese dzine zviratidzo 3, kana yakatumwa kubva kuna Mwari. Jesu aive nezviratidzo 3. Mosesi aive nezviratidzo 3. Noa aive nezviratidzo 3. Eria aive nezviratidzo 3. Zvose zvinouya muzviratidzo 3. Cherechedzai. Teererai, shamwari.

178 Nguva yava kupera zvishoma. Ndine. . . Oo, ini zvangu, ndanga ndisiri kuziva kuti nguva yapera kudaro, quarter after.

179 Kana mukagona kutenda chiratidzo cheSodhoma, chaRuka, munoono, sezvaAkachivimbisa; munotenda chiratidzo cheSodhoma, zvino sei musingakwanise kugamuchira Inzwi raMaraki rinotevera chiratidzo, ku “dzokera kuShoko”? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Bhaibheri rinotaura kudaro, uye munozviona, zvinoka teererai paInzwi rechiratidzo.

180 Tizai hashu dziri kuuya! Usafunge kuti, “Nokuti ndiri weUPC, Assemblies of God, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, ndine kodzero yokupindamo.” Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamu vana. Tendeukirai kuShoko! Kudzoka kubva kuzvinhu zvenyu zvenyika nehurongwa hwemasangano enyu, nezvimwe. Mwari vachavaparadza kubva panyika. Vachavanyudza pakadzika pegungwa rokunganikwa, sezvaVakaita Egipita paVakadana Israeri, nyika kubva mune imwe nyika. PaVachadaidza Mwenga kubva muchechi, ichapfuura nemumatambudziko, onyn’atisa ropa rayo panyika. Tizai kutsamwa kuri kuuya, nekuti kwava pedyo!

<sup>181</sup> Haugone kuona zvinhu izvi pasina...Handizive zvaunofunga nezvazvo. Ndinongova nebasa rekuzviverenga nekutaura nezvazvo. Zviri kwauri! Unogona kutenda chiratidzo, wobva watenda Inzwi rinotevera chiratidzo chacho. Oo, ini zvangu!

<sup>182</sup> Honai, Mosesi, mufananidzo wokubuda zvino. Aifanira kuudza vanhu ivavo nezvevimbiso yakanga yapiwa kumadzibaba. “Ndarangarira vimbiso yaNgu kumadzibaba avo.” Uye zvino chii—chii icho Mosesi ari kuzoita? Kutendeutsa mwoyo yevanhu kuti idzokere kune zvakanga zvataurwa nemadzibaba. Uye sezvaiva Mosesi panguva iyoyo, ndizvo zvakaita Maraki 4, “kutendeutsira vanhu paKutenda kwemadzibaba.”

<sup>183</sup> Kukanganisa kwese uku kwemasangano, nezvimwe zvakadaro, dzokerai kuShoko! Ndinokuzivai imi, vanhu vazhinji vanofarira kuita izvozvo; handisi kungokutsiurai imi muri pano. Matepi aya anotenderera pasi rose, munoona, kwese-kwese. Ini handisi kukutsiurai, asi ndiri kutsiura kuna ani zvake, uko kwazvakafanira. Ndiri mukushi weMbeu. Ndizvo zvega zvandinoziva kuita. Zviri kwauri kuita sarudzo. Tizai kutsamwa kuri kuuya, vanhuwee!

<sup>184</sup> Usafunge nekuti uri muPentekosti. Usafunge nokuti amai vako vaiva muMethodist akanaka, akacheneswa, kana kuti baba vako muBaptist akanaka, anodaidzira. Usafunga kuti izvozvo zvichawana nechekuita newe. Usafunge nokuda kwekuti uri wechechi yavakavaka, kana chechi yamuri kuvaka iko zvino. Musafunga nekuti imi maPentecosti makataura nendimi nokutamba muMweya, nekumhanya muchikwira nokudzika pauriri, makore 40 akapfuura. Musafunge nokuti makava nemisangano yekupodzwa, nezvimwe zvakadaro.

<sup>185</sup> Musapotsa kuona chiratidzo ichocho, cheShongwe yeMoto, iyo Mwari vakasimbisa; neNzwi riri seri kwaYo, kutendeukira kuna, kudzokera kuna Mwari. MusaChirega chichikupfuurai. Pane chiratidzo neNzwi.

<sup>186</sup> Kana munhu akasimuka nechiratidzo, pfungwa imwe chete yekare, pane chakakanganisika, hachisi kubva kuna Mwari. Oo, ini zvangu! “Ruramisai nzira dzaKe zvino!” Zvino, munozvitenda here? “Zvino dzokerai, O mapofu uye vakapararira, kune yekwenyu.” Bhaibheri...Munyorori wenziyo akati:

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo izvo Bhaibheri rakafanotaura;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, akakombwa  
nenhamo;  
“Dzokerai, O vakapararira, kune yekwenyu.”

<sup>187</sup> Dzokai! Dzokerai! Muporofita akati, “Kuchava neChiedza munguva yemadekwana.” Zuva risati radzima zvachose,



kunenge kwave neChiedza. Famba muChiedza pachine Chiedza. Mushure mechinguva Ecumenical Council ichava nemi, uye hapana nzira yeChiedza ipapo.

Ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>188</sup> Baba veKudenga, zviri mumaoko eNyu zvino. Nda—ndakusha Mbeu. Handizive kuti Dzawira kupi. Ndinonamata kuti MuDziropafadze kwese kwaDziri. Uye dai Dzawana nzvimbo yaDzo zasi chaiko, uye dzigodzupura nzvimbo dzose dzine matombo, nemidzi yose yeminzwa, uye tingati, uye nekubvisa kusatenda kwese munzira. Zviiteiwo, Baba. Tinoisa izvi kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>189</sup> Nemisoro yenyu yakakotamiswa, maziso enyu akavharwa. Mangwana manheru kune mabiko. Vatadzi vemuguta, ndicha . . . Ishe vachitendera, ndichatoti nditaure kwavari. Ndiri kutaura kuungano yevanhu vakasiyana zvino. Handingashinga kuparidza izvi; zvingangovaita kuti vatowedzera kupofomara kupfuura kare, pamusangano wakadaro.

<sup>190</sup> Asi, iwe, manheru ano, unotenda here kuti waona chiratidzo, uye uri kunzwa Inzwi here, kana warinzwa uye wotenda? Uye iwe—iwe usati, unotenda asi hausati waRigamuchira nazvino, Kristu muhuzaro hwaKe, ungasimudza ruoko rwako here? Zvino musoro wose ngaukotame zvino, uye ziso rose rakavharwa. Simudza ruoko rwako, uti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, pamuri kunamata.” Ndichafara kuzviita. Mwari vakuropafadzei.

<sup>191</sup> Baba vedu veKudenga, Bhaibheri rakati, “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa.” Ndinonamata, Ishe, kuti vanhu ava vasimudza maoko avo, kuti vanotenda mazviri, havasati vabhabhatidzwa murubhabhatidzo rweChikristu, dai vakawana chechi inozviita, vogobhabhatidzwa. Zviiteiwo, Ishe.

<sup>192</sup> Ngavarege kungobhabhatidzwa nemvura chete, zvinongova chete chi—chiratidzo chekunze chekuti pane zvaitika mukati. Bhaibheri rakati, “Kune Kutenda kumwe chete, Ishe mumwe chete, rubhabhatidzo rumwe chete,” uye rubhabhatidzo rwacho rubhabhatidzo rwemweya. Mutumbi uri kugezwa, unongova mufananidzo, kana kupa chiratidzo chekuti chimwe chinhu chaitika mukati. Asi mweya iwoyo unofanira kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, ndiko kuuya kweKusingaperi muhunhu hwemunhu iyeye uye nekuhushandura, kuti ave mutendi. Ndinonamata kuti vazogamuchira Mweya Mutsvene. Ndinovaraira kwaMuri zvino, semikombe yeMharidzo, neyenyasha dzaKristu. MuZita raKe, ndinonamata. Amen.

Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa, murukudzo.

<sup>193</sup> Ndangosarirwa nemaminitsi 7, ini—ini handina kukwanisa kupedza nenguva. Ini—ini—ini handingagone kuva nemutsara wekunamatira munguva yakadaro. Ndiri kukumbirai kuti mugare pamuri chaipo. Ndine hurombo nekukuchengetai

kusvika nguva yapera. Tichanamatira munhu wese. Imi vanhu, vamwe venyu kunze uko vane makadhi ekunamatirwa, musanetseke, tichakutorai.

<sup>194</sup> Asi tichangoona kana Mweya Mutsvene uchizozarura kwatiri iko zvino, kana muchitenda maAri uye muchitenda kuti ichi ndicho chiratidzo. Rangarirai, Ngirozi, Yakanga iri munhu; Akadya, Akanwa pamberi paAbrahama, uye zvakadaro Aikwanisa, naSara ari mutende, Aikwanisa kunzvera pfungwa dzaive mumoyo make. Ndicho chaiva chiratidzo chacho. Akanga ari Shoko. Zvino kana Shoko rikangogona kuuya kwatiri, zvino, zvakarewo, Akavimbisa kuita chinhu chimwe chete.

<sup>195</sup> Zvino imi kunze uko muungano, musina makadhi ekunamatirwa, uye uchiziva kuti hausi kuzopinda mumutsara uyu, handikwanise kuziva kuti ani ndiyani kunze kwekunge Ishe vandidratidza. Ndicha. . . Uye unotenda kuti zvirokwasvo Mwari vanopodza vanorwara. Ndi—ndinoda kuti u—ugotenda iko zvino, kwemaminetsi mashoma. Uye ingonamata, zvino uchiti, “Ishe Jesu, ndinoziva murume uyu, ari kutaura, mu—munhu, asi andiudza kuti, atiudza manheru ano, akazviratidza kwatiri; kuti, Mweya Mutsvene, usingagoni kuuraiwa nenyika.”

<sup>196</sup> Vaigona kuuraya Jesu paAiva munyama; vakaMuuraya. Asi zvino Akamuka, ari muchimiro chakabwinyiswa, Haachazombourayiwa zvakare. Uye Akati, “Kwenguva pfupi uye nyika haichazoNdiona zvakare. Asi, imi,” vakatemerwa, avo vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, Chechi, Mwenga, “muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo. Zvinhu zvaNdinoita muchazviitawo zvakare.” Zvipikirwa zvose izvi zvaAkaita.

<sup>197</sup> Zvino, ndinoziva kuti paAiva pano panyika, iYe, Mwari vakanga vari maAri. Akanga ari Mwari. Akanga ari huzaro hwaMwari. Akanga ari Shoko raMwari rose raratidzwa.

<sup>198</sup> Uye Bhaibheri richiri Mwari, Shoko, uye pachine chimwe chizaruro chichigere kuzarurwa. Uye Akati, “Mumazuva ekupedzisira, kana nyika yaita seSodhoma zvakare, Mwanakomana wemunhu achazarurwa.” Uye chiratidzo cheSodhoma chichadzoka, ipapo Inzwi richadaidza vanhu kuti vadzoke, avo vakatemerwa kuHupenyu.

<sup>199</sup> Tinoziva, paAiva pano, kwaiva nemamiriyoni evanhu panyika, vasina kumboziva kuti Aive pano; vasina chikonzero chekuti vazive. Maona? Akauya kune avo vakanga vakatemerwa kuti vazvione.

<sup>200</sup> Zvino iwe namata. Zvino nyatsonyarara. Usafamba. Kwese kwaunenge uri, mabharikoni, pauriri hwepasi, chero kwaungange uri, usa—usafamba, ingogara uri ipapo, wonamata.

<sup>201</sup> Iti, “Ishe Jesu, Bhaibheri rakati, muna VaHebheru 4, kuti Muri iye zvino ‘Muprista Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu.’ Uye tinoKuonai panyika, paMakanga muri

pano panyika, mumwe mukadzi mudiki imwe nguva akabata nguo yeNyu, iMi ndokucheuka, mukati, ‘Ndiani aNdibata?’ Akazvivanza, asi zvakadaro kutenda kwake kwakaonekwa. Jesu akamuudza nezvekubuda kwerope kwake, uye akati kwaari “kutenda kwakuponesa.” Zvino ndiYe Muprisita Mukuru uya mumwe chete. Kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Anotofanira kuita nenzira imwe chete, kana iwe—kana iwe ukaMubata.

<sup>202</sup> Uye izvozvo zvinoitei zvino? Panofanira kuva nenyama yemunhu, panyika, kuti itaure Inzwi raKe. “Ini ndiri Muzambiringa, imi muri matavi.” Hapana nzira yekuzvinyenyeredza, shamwari. Anongova Magwaro. Ichokwadi. Imi vashumiri munozvitenda here, kumashure uko?

<sup>203</sup> Zvino kunze uko, ingova neruremekedzo chaizvo uye unamate, uti, “Ishe Jesu, regai ndibate nguwo yeNyu.”

<sup>204</sup> Uye munooa ari pedyosa neni, ari pamamita 6 kana kudarika. Hapana mweya wandinoziva kunze uko. Handisi kana kumboona munhu wandinonyatsoziva, manheru ano, akagara uko; kunze kwaPat Tyler agere kuno kumberi, shamwari yangu. Pane vanhu vari panhowo, masitirecha.

<sup>205</sup> Takaona munhu aiva pasitirecha nezuro manheru, zvino murume wacho ndokusimuka akafamba achienda. Ko mungatadza sei mose, manheru ano? Maona, ingotenda, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Hupo hwaKe hunozviita. Heunoi Ari pano, uchatofanira kumira naYe kuti akumutse pamazuva ekupedzisira.

<sup>206</sup> Zvino, imi vanotenda, uye muchifunga kuti muri kunamata zinonzwika, chingotarisa kuno zvino.

<sup>207</sup> Sezvakataurwa naPetro naJohani, “Titarise.” Ipapo vakatarisisa, murume uyu ndiye akadaro, achitarisira kuona chimwe chinhu. Akati, “Sirivheri nendarama handina, asi zvandinazvo. . .”

<sup>208</sup> Zvino, kupodza handina, asi icho chandinacho, chipo chakabva kuna Mwari, ndinokupai. Kana mukangozvitenda, Mwari vanozviita. Ndiri kungokukumbirai chete kuti muzvitende. Icho chandinacho, ndinokupai. Kana mukazvitenda, Mwari vanozviita. Ingozviidzai.

<sup>209</sup> Pano apa, heChoka icho iye zvino. Ameni. Ndinozvifarira izvozvo. Pane mudzimai akagara pano. Akati femukei, akagara ipo pano kumucheto. Mune kadhi rekunamatirwa here, amai? Akati femukei. . . Imi hamunaro. . . Ipo pano, hamuna kadhi rekunamatirwa? Hongu. Hamuna kadhi rekunamatirwa here? Munongotenda, zvakadaro? Hamudi kadhi rekunamatirwa, kana muchitenda.

210 Pane maungira eizwi, ndicho chikonzero zvichinetsa kudaidza vanhu sezvizvi, asi edzai kunditeerera zvakanyanya nepedyosa pamunokwanisa zvino.

211 Handikuzivei. Hamuna kadhi rekunamatirwa, nokudaro hamusi kuzova papuratifomu. Kana Mwari vakandiratidza dambudziko renyu, mungazvitenda here kuti (chii?) zvichangova zvimwe chetezvo sekuratidza kwaAkaita kumudzimai kuti dambudziko rake raiva rei? Mukadzi patsime? Sara, zvaakanga ataura, nezvimwe zvakadaro? Munozvitenda here? Munozvitenda here kuti zvichanaka?

212 Muri kutambura nechinhano cheropa, chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka neropa renyu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Hamusisina iko zvino. Pava neChiedza pamuri. Jesu Kristu akuremekedzai.

213 Zvino, handisati ndamboona mudzimai uyu, muhupenyu hwangu. Zvino chii ichocho? Unofanira kuva Mweya. Zvino unogona kutaura sevaFarisei, “Ndidhiyabhore uyo,” zvakanaka, unowana mubairo wavo. Ukati, “NdiKristu,” unowana mubairo waKristu. Ndinotenda kuti iShoko riri kuratidzwa muzuva rino rekupedzisira; kwete ini.

214 Heuno, pano mumwe mudzimai mudiki akagara zasi pano chaipo. Ari kutambura nekuzvimba tsinga mumakumbo ake. Ane zvinetswa zvakati kuti. Ane dambudziko remoyo. Ari kunamatirawo mudikani wake, ihanzvadzi yake. Ari kuchema iko zvino. Ari mukubata uku. Hanzvadzi iyoyo iri kurwara zvakanyanya. Chirwere cheshuga. Uyewo, zvakare, ane mumwe mumvuri, iye mutadzi. Uye uri kumunamatira. Ndizvozvo chaizvo. Muzvare Welton, kana ukatenda nemoyo wako wese, Mwari vanomuitira. Unozvitenda here? Ndiwo mazita ako.

215 Zvino zvingapfuura here zvakataurwa naJesu kuna Simoni, “Zita rako ndiSimoni, uri mwanakomana waJonasi”? Ingovai nekutenda. Musazvipokane. Zvitendei nemoyo wenyu wose. Kana uchizvitenda, Mwari vanoita kuti zviitike. Kana uchigona chete . . .

216 Pano apa, heuno mudzimai mudiki agere neche kuno, akanyatsonditarisa pano apa. Akaita seane vhudzi dzvuku. Bvudzi rake rakadhonzerwa kumashure.

217 Hamusi kuona here Chiedza icho, chakaita amber, chiri kutenderera pamusoro pemudzimai wacho? Anotoziva kuti zviri kuitika iko zvino, nokuti ari kuChinzwa. Chiri pedyo kwazvo naye, haangambogona kutadza kuChinzwa. Kana zviri izvo, amai, simudzai ruoko rwenyu. Hoyoka uyo.

218 Zvino ndiri mutsva kwamuri zvachose. Ini hapana chandinoziva pamusoro penyu. Asi manga makagara ipapo muchinamata. Ndizvozvo. Kana zviri izvo, ninirai ruoko rwenyu sezvizvi. Zvino, kana Jesu Kristu ari Mwanakomana waMwari, zvaAnova ari, muPrisita Mukuru agere kuruoko

rwerudyi rwaMwari. . . Uye ini ndakangomirawo pano nechipo, neni pachangu ndisi- . . . kunze, ndisingori mupfungwa yemunhu, ndisingafungi ini pachangu; nzira yekuzorodza pfungwa dzangu pamwe nekufunga, uye ndongorega Mwari vachipinda. Munotenda here kuti iVo. . . Ini, Mwari vanoziva kuti handikuzivei; uye munoziva zvimwe chetezvo. Zvino kana Mwari vakandizivisa dambudziko renyu, kana chimwe chinhu chamakamirira, chamuri kuda, kana zvimwewo, munotenda here kuti Mwari vachadaro, vanogona kuzviita?

<sup>219</sup> Mune dambudziko nemusana wenyu. Ndicho chimwe chezvinhu zvamuri kunamatira. Uye mune dambudziko nemaziso enyu. Munotenda here kuti Mwari vachaapodza nekuita kuti aite zvakanaka? Munodaro? Munodaro? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndimi ani? Mai Hallman, mukatenda nemoyo wenyu wese zvino, munogona kuwana zvamakumbira. Munotenda here?

<sup>220</sup> Heuno mudzimai wechikuru akagara kumashure kwavo zvishoma. Ari kunamatawo, zvakare. Vane chirwere cheshuga. Ndinovimba havazvipotse izvi. Chiri pamusoro pavo chaipo. Mudzimai uyu ati chemberei. Imbomirai zvishoma, dai Ishe vandibatsira zvino. Ivo. . . Hapoka vazvibata. Zvakanaka. Ndaona pavangochibata. Havasi vekuno. Vanobva kuLouisiana. Guta ravo—ravo inzvimbo inonzi Singer, Louisiana. Uye vari kurwara nechirwere cheshuga. Zita ravo ndiMai Doyle. Kana zviriri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Ndiri mutsva zvachose kwavari, handisati ndambovaona muhupenyu hwangu. Asi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, anoziva zvose pamusoro penyu.

<sup>221</sup> Pane mudzimai akagara kumashure uko, anobva kuguta rimwe chetere, nzvimbo inonzi Singer. Vari kutambura neBP yakakwira. Uye zita ravo ndiClark. Munotenda here, Mai Clark? Zvakanaka, munogona kuwana zvamakumbira.

Munotenda here?

<sup>222</sup> Hechoka chiratidzo! Teererai kuInzwi racho! Tendeukai, mudzokere kuna Mwari nekukasika kwamunogona nako! Jesu Kristu ari pano muSimba rerumuko rwaKe; chizvarwa chakaipa uye cheupombwe chinogamuchira chiratidzo chaJesu Kristu achigara pakati pevanhu. Haaimboita izvozvo neni ndoga, zvinofanira kuva newewo, zvakare. Munoono, mudzimai uyu atozobata nguo yaKe. Iwe watozobata nguo yaKe. Tinongova midziyo.

<sup>223</sup> Munotenda nemoyo wenyu wese here? Zvino kana muchitenda izvozvo. . . Vangani vanozvitenda, simudzai maoko enyu, *sezvizi*, itii, “Ndinozvitenda zvechokwadi.”

<sup>224</sup> Zvino kana muchizvitenda, Jesu akataura izvi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Munozvitenda here?

225 Zvino nguva yapera. Hatichisina nguva. Tasara nemaminitsi 25 zvino kuti dzisvike pana 10. Mungaturika maoko pamusoro pomumwe nemumwe here, zvino? Uye chingoitai sezvandinokuudzai zvino, ingoisai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe.

226 Zvino mave kuziva, kumusoro, kwese uko kwamuri. Iye zvino mave kuziva, sezvingori chero chii zvacho zvino, mushure mekunge Rugwaro rwaparidzwa uye rwanyatsoratidzwa nzira yose muchivakwa.

227 Ndiri kuona mumwe, iye zvino. Maona? Uye mumwe pano, dambudziko reprostata. Mudzimai ane TB. Uh-huh. Kutoti, Changova kwese-kwese zvino, asi Chinokupedza simba.

228 Chii musiyano, chii chimwezve? Munoono 50, dzimwe nguva pane ivavo, zvino munoda kuona 70 panguva inotevera. Jesu akazviita izvozvo kamwe chete paSikari, uye guta rose ndokutenda kwaAri. Vakanga vachitarisira Mesiya.

229 Iye Mesiya ari pano, Mweya Mutsvene, Mesiya wezuva rino; Mesiya ari kuita kuti Shoko risimbiswe, revimbiso yaKe.

230 Zvino ndinoda mumwe nemumwe wenyu, makaisa maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe, kana muri vatendi. Zvino iwe usazvinamatire pachako. Namatira munhu iyeye, uye vachange vachikunamatirawo. Zvino, Shoko rimwe chete rakavimbisa izvi mumazuva ekupedzisira, rakavimbisawo zvakare...

231 Uye rangarira, Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Kupodza, kuchidzoka, ndiro inzwi rekuti chiratidzo chacherechedzwa. Vanoisa maoko pamusoro pevanorwara, sechiratidzo; inzwi i “hareruya, Ishe vandipodza!” Zvino kana zviratidzo izvi zvichiperekedza inzwi, chiratidzo ichocho, kana uri mutendi, chichaperekedza. Inzwi richaperekedza chiratidzo.

232 Kana ndikakupai chiratidzo ichi, chandakuudzai kuti chinobva kuna Mwari, uye Mwari vakachivimbisa muzuva rino; chakanyatsobhedhenurwa, hapana chimwe kunze kwemunhu asingatendi angaramba kuchitenda. Maona? Zvino Mwari vakatendeuka ndokuchisimbisa, kuti chidaro. Zvino Vari pano.


233 Zvino mumwe nemumwe, nenzira yaunonamata nayo kuchechi kwako, kana muri mumoyo, uchidanidzira, chero zvazvingava, iwe namatira munhu wawakaisa maoko ako paari, nekuti vari kukunamatirawo.

234 Uye zvino tarisai kumusoro. Uye muHupo hwaMesiya, Kristu, uYo Akamuka kuvakafa, achiri mupenyu mushure memakore 2,000, tingagova nechiveve zvakadaro sei muMweya? Izvozvo zvinofanira kutungidza nyika ino neMoto. Zvinofanira kuita kuti Beaumont itendeuke, yakapfeka masaga nemadota. Asi ichazviita here? Kwete.

<sup>235</sup> Asi imi muri kuMutarisira, uye muchitenda kuti Achazviita uye nokuchengeta Shoko raKe, ndekwamuri zvino kwakapihwa vimbiso iyi. Isa maoko ako pane mumwe munhu unamate, apo ini ndichikunamatirai kubva pano.

<sup>236</sup> Ishe Jesu, zvinokwana zvatotaurwa, zvakakwana zvatoitwa. Iro Shoko rakavimbiswa raratidzwa pachena. Mesiya, Kristu waMwari, ari muHupo hwaMwari. TinoMunzwa. TinoMuona. Tinoziva kuti Akazvivimbisa izvi mumazuva ekupedzisira. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichaita kana Mwanakomana wemunhu azarurwa.” Zvadaro, tinoziva.

<sup>237</sup> Tinoona mo—moto mumatenga, mabhomba eatomiki. Tinoona nyika dzakadyiwa nehonye, nyika dzichipamuka. Tinoona kuti Israeri iri munyika yekumusha kwayo. Chiratidzo chese chaigona kuvimbiswa, chakazadziswa. Chinhu chinotevera Mwanakomana wevimbiso, Achiuya.

<sup>238</sup> O Mwari weKusingaperi, muHupo hwaJesu Kristu, Mweya Mutsvene mukuru uri pano zvino uchisimbisa kuti Ari pano, inzwaiwo munamato wevanhu ava, inzwaiwo maKristu aya; zvokuti, kana ndichinge ndaenda, havazoti, “Hama Branham vakaita izvi.” Mumwe munhu wavasingazive, akaisa maoko pamusoro pavo, uye vakapodzwa. Asi Makavimbisa kuti Inzwi rine chiratidzo kwariri. Uye dai vakapodzwa, pandiri kuvakumikidza kwaMuri, muZita raJesu. 

64-0313 Inzwi ReChiratidzo  
Municipal Auditorium  
Beaumont, Texas U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)